

QUIZIZZ Lembar kerja**CERKAK (CERITA CEKAK)**

Total pertanyaan: 20

Estimasi pengerjaan: 20menit

Disusun oleh Fana Hidayat

Nama Kelas Tanggal

1. Tulisan carangan/karangan kang nduweni urutan sawjining kadadeyan/prastawa kang ana siji prakara (konflik) kang kudu dipungkasi, biasane duweni sifat fiktif, lakune crita miturut alur/plot tartamtu lan critane sepisan rampung (sajroning konflik kang ora njlimet), momot paraga/tokoh. Pangerten kang kaya mangkana kanggo ngarani ...
 - a) novel
 - b) crita rakyat
 - c) crita bergambar
 - d) crita sambung
 - e) crita cekak
2. Kang kasebut ana ngisor iki dadi cirine/titikane CERKAK... **kejaba (kecuali)...**
 - a) gegayutan karo crita padinan
 - b) konflik tunggal
 - c) crita luwih ringkes
 - d) tembung kurang saka 1.000 tembung
 - e) Alur kompleks luwih saka siji prakara
3. Rerangkening/urut-urutaning kadadeyan ana ing sawijining crita diarani...
 - a) Tema/pamawas
 - b) Pitutur luhur
 - c) Alur/Plot
 - d) Punjering crita
 - e) Penokohan
4. Lakuning crita diwiwiti saka nyritakake prastawa kang wis dumadi sadurunge/kepungkur, banjur crita lumaku nganti prastawane pungkas (berakhir). Udalan kang kaya mangkana dadi cirine...
 - a) Alur campuran
 - b) Alur Flashback
 - c) Alur Progresif
 - d) Alur maju
 - e) Alur maju + mundur

5. Paraga/tokoh sajrone crita, duweni watak ala lan ndadekake lakuning crita nemoni prastawa lan dadi konflik kang kudu dirampungake, dadi cirine paraga kang diarani...
- a) figuran
 - b) protagonis
 - c) tritagonis
 - d) sampingan
 - e) antagonis
6. Udhalan ana ing ngiso iki njlentrehake perangan pangerten latar...**kejaba** (kecuali)....
- a) Swasana Seneng
 - b) Swasana sedhih
 - c) Wektu
 - d) paraga/tokoh
 - e) Panggonan
7. Wigatekno pratelan ana ing ngisor iki :
"punjering crita ana ing CERKAK, kang migunakake paraga/tokoh sudut pandang "Aku utawa kula". pratelan kang kaya mangkana dadi cirine sudut pandang.....
- a) Wong ke-3 ing sajrone crita
 - b) wong ke-1
 - c) wong ke-2
 - d) wong ke-3 sajabane crita
 - e) Wong ke-2 pengamat
8. Nilai/tuladha perilaku kang bisa ditemoni sajrone cerkak kang ana sesambungane karo tata laku srawung ana ing panguripan masyarakat/bebyaran antarane pawongan siji lan liyane, dadi pratanda nilai...
- a) Nilai Religius
 - b) Nilai Moral
 - c) Nilai Sosial
 - d) Nilai Etika
 - e) Nilai Agama
9. Cerkak mujudake kasusastran gagrag anyar kang nyritakake
- a) Epos Ramayana-Mahabarata
 - b) Kedadean apa anane
 - c) Panguripan sabendina
 - d) Kedadean sajeroning kraton
 - e) Prastawa sejarah

10. Kanggo nguripake crita, supaya para pamaos/pamiarsa kepenak anggone mudeng critane, pangripta/pengarang cerkak migunakake basa
- a) Basa baku
 - b) Basa padinan
 - c) Lelawaning basa
 - d) Basa standar
 - e) Basa dialek lan idiolek
11. Adhedhasar urutan-urutane crita, struktur teks cerkak kaperang dadi
- a) Komplikasi, resolusi, koda, orientasi
 - b) Koda, orientasi, komplikasi, lan resolusi
 - c) Orientasi, komplikasi, resolusi, koda
 - d) Resolusi, koda, orientasi, lan komplikasi
 - e) Orientasi, komplikasi, koda, resolusi
12. Perangane wiwitane crita kanggo nepungake (perkenalan) paraga, swasana, lan bibit kawit/konflik tumuju crita sabanjure, ing perangan/struktur teks cerkak diarani
- a) Klimaks
 - b) Resolusi
 - c) Komplikasi
 - d) Koda
 - e) Orientasi
13. Dumadine prakara kang kudu diadhepi dening para paraga, ing struktur teks cerkak diarani
- a) Koda
 - b) Klimaks
 - c) Resolusi
 - d) Komplikasi
 - e) Orientasi
14. Pesen moral kang ana ing sajroning crita akeh jinise. Babagan iki gumantung
- a) Kahanan masyarakat kang dicritakake
 - b) Ing ngendi crita kasebut kawaca
 - c) Kahanan masyarakat wong kang maca
 - d) Sing nyurasa lan ngrasakake isine crita
 - e) Sing ngarang lan sing maca

15. Crita cekak iku manawa ana ing ilmu bahasa kalebu golongane
- a) Nonsastra lan nonfiksi
 - b) Sastra fiksi
 - c) Sastra nonfiksi
 - d) Nonsastra fiksi
 - e) Sastra Film pendek
16. Crita cekak iku wujud
- a) Jurnal
 - b) Geguritan
 - c) Pacelathon
 - d) Drama
 - e) Gancaran
17. Ciri khas crita cekak, yaiku
- a) Munjerake marang siji kedadeyan
 - b) Prakara kang tuwuh ing crita rumit
 - c) Migunakake alur flashback
 - d) Kadadeyan sing dialami tokoh bola-bal
 - e) Setting panggonan lan wektu akeh
18. Unsur kang ana gegayutane karo wektu, swasana, lan lingkungan sosial ing cerkak diarani
- a) Latar
 - b) Alur
 - c) Panggonan
 - d) Paraga
 - e) Tema
19. Ing ngisor iki sing kalebu unsur intrinsik cerkak, yaiku
- a) Tema/pamawas, alur, tokoh, amanat
 - b) Sudut pandang, alur, dialog, pamawas
 - c) Tema, amanat, watak, alur, dialog
 - d) Amanat, isi, latar
 - e) Tema, blegere crita, penokohan

20. Nalika awake dhewe nyadhur, gawe sinopsis, utawa ngringkes CERKAK, ana babagan kang ora kena diowahi yaiku
- a) Kaendahan basane cerkak
 - b) Lelawaning basa cerkak
 - c) Titikane basane cerkak
 - d) Underan, isi lan "rasa"ne cerkak
 - e) Basane cerkak